

## **Mizajou sou Vaksen Johnson & Johnson/Janssen kont COVID-19 la**

Vaksen Johnson & Johnson/Janssen kont COVID-19 la disponib nan NYC pou moun ki gen 18 ane ak plis yo apre yon poz tou piti nan itilizasyon li a pou yo te ankete sou yon potansyèl pwoblèm sante ki gen rapò ak vaksen an. Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York NYC (Depatman Sante NYC) la kontinye genyen konfyans nan sekirite ak efikasite vaksen Johnson & Johnson lan ak lòt vaksen yo otorize kont COVID-19 yo. Vaksinasyon rete etap ki pi enpòtan ou kapab pran pou pwoteje tèt ou, pwòch ou yo ak kominote ou yo kont COVID-19.

### **Poukisa te genyen yon poz nan itilizasyon vaksen Johnson & Johnson lan?**

Nan dat 13 avril 2021 an, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a ak Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) an te rekòmande pou yo kanpe tanporèman sou itilizasyon vaksen Johnson & Johnson lan apre kèk rapò sou yon kayo sangen ki ra yo te jwenn nan sis moun ki te resevwa vaksen an. Yo te idantifye ka yo atravè sistèm siveyans sou sekirite vaksen CDC ak FDA a. Yo te fè yon poz nan itilizasyon vaksen an dekwa pou yo te kapab kolekte ak revize enfòmasyon anplis.

### **Kisa ankèt la te montre?**

Jiska 21 avril 2021, te genyen 15 ka tip kayo sangen ki ra a avèk ti plakèt sangen sou apwoksativman 8 milyon moun ki te resevwa vaksen Johnson & Johnson lan depi yo te otorize li a. Yo rele pwoblèm sa a twomboz (kayo sangen) avèk sendwòm twonbositopeni (kantite plakèt sangen ki ba) (thrombosis with thrombocytopenia syndrome, TTS). Tout ka TTS yo rapòte yo se te fanm ant laj 18 ak 59 ane, avèk sentòm ki kòmanse nan sis rive 15 jou apre vaksinasyon an. Sa se yon pousantaj anviwon sèt ka TTS pou yon milyon fanm ant laj 18 rive 49 ane ki te pran vaksen an ak mwens pase yon ka sou yon milyon fanm ki gen laj 50 ak plis ki te pran vaksen an. Te genyen tout yon ka TTS nan yon patisipan gason nan esè klinik vaksen yo.

### **Kisa CDC a ak FDA a rekòmande sou itilizasyon vaksen an?**

CDC a ak FDA a rekòmande pou yo kontinye bay vaksen Johnson & Johnson lan pou moun ki gen 18 ane ak plis. Desizyon sa a baze sou yon rekòmandasyon Pratik Komite Konsiltatif sou Iminizasyon yo, kòm yon gwoup endepandan ki gen ekspè medikal ak ekspè sante piblik ki te revize done ak enfòmasyon ki disponib yo, epi ki te evalye risk potansyèl pou pran vaksen an pa rapò ak avantaj yo. Moun ki resevwa vaksen an, espesyalman fanm ki gen laj mwens pase 50 ane yo, ta dwe okouran de risk TTS ra a men ki se yon risk anplis epi ke genyen lòt opsyon vaksen kont COVID-19 ki disponib, yo pa te wè risk sa a pou vaksen sa yo.

### **Pou kisa NYC toujou ap itilize vaksen sa a lè nou konsidere pwoblèm sa a?**

Risk TTS la trè ba, epi vaksen an efikas nan anpeche maladi grav, entène lopital ak mouri akòz COVID-19. Kounye a dèske nou konnen risk la, nou kapab bay moun ki pran vaksen Johnson & Johnson lan enfòmasyon yo bezwen pou idantifye sentòm TTS posib yo epi pou yo chèche jwenn swen touswit. Pwofesyonèl swen sante yo okouran kounye a de risk sa a, sa ki vle di yo

kapab dyagnostike ak trete pasyan ki devlope TTS la apre yo pran vaksen Johnson & Johnson lan. Pa gen okenn medikaman, terapi oswa vaksen ki 100% san risk.

### **Si mwen chwazi pran vaksen Johnson & Johnson lan, èske gen prekosyon anplis mwen ta dwe pran?**

Pandan ke risk TTS ou a nan vaksen Johnson & Johnson lan trè ba, ou ta dwe siveye pwòp tèt ou pou sentòm potansyèl yo pandan twa semèn apre ou te pran vaksen an, tankou:

- Souf kout
- Doulè nan pwatrin
- Anfleman nan janm
- Doulè nan vant ki dire
- Maltèt grav oswa ki dire
- Vizyon ki twouble
- Kontizyon fasil
- Ti pwen wouj anba po ki depase zòn espas enfeksyon an

Si ou genyen nenpòt nan sentòm sa yo nan yon peryòd twa jou apre vaksinasyon an, chèche swen medikal imedyatman — ale nan yon lopital toupre ou oswa rele **911**. Di pwofesyonèl ki ap trete ou a ou te resevwa vaksen Johnson & Johnson lan.

Okontrè, efè segondè yo ki komen apre vaksinasyon an gen ladan doulè ak anfleman sou bra kote ou te resevwa piki a, fatig, demanjezon leje, frison, maltèt leje oswa lafyèv ki ba. Sa yo se efè segondè yo prevwa yo epi jeneralman yo kòmanse nan twa premye jou apre vaksinasyon an (jou apre vaksinasyon an se li ki pi komen) epi yo dire anviwon youn rive de (2) jou apre yo kòmanse.

### **Èske genyen risk TTS nan lòt vaksen kont COVID-19 yo?**

Yo pa te etabli lyen ant TTS avèk vaksen Pfizer-BioNTech ak Moderna yo apre plis pase yo te administre 200 milyon dòz vaksen Ozetazini. Nou ankouraje anpil moun ki pa vle pran vaksen Johnson & Johnson lan pou yo konsidere pran youn nan vaksen sa yo.

Plizyè santèn sit vaksinasyon disponib nan tout NYC. Vizite [vaccinefinder.nyc.gov](https://vaccinefinder.nyc.gov) pou jwenn yon sit vaksinasyon (vaksen yo ofri nan chak sit yo nan lis anba la a) oswa rele 877-829-4692 pou èd pou yon randevou nan yon sit ke Vil la ap jere. Anpil sit aksepte moun san randevou tou. Konsilte [isit la](#) pou yon lis sit ke Vil la ap jere yo.

### **Ki fason nou ap konnen ke pa gen okenn lòt pwoblèm sou sekirite vaksen yo?**

Vaksen kont COVID-19 yo kontinye rete anba gwo siveyans sekirite nan CDC a ak FDA a ak lòt gwoup yo. Idantifikasyon yon ti kantite ka TTS sou plizyè milyon dòz vaksen yo te bay nan tout Etazini ak poz nan itilizasyon vaksen Johnson & Johnson lan montre ke sistèm sekirite yo ap mache epi ke sekirite ak transparans se priyorite prensipal yo. Nou angaje pou nou pataje enfòmasyon sou vaksen yo, gen ladan nenpòt potansyèl pwoblèm sekirite.

### **Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?**

Si ou genyen nenpòt kesyon, tanpri rele pwofesyonèl ou a oswa **311**. Pou enfòmasyon ak resous sou vaksen kont COVID-19 yo, vizite [nyc.gov/covidvaccine](https://nyc.gov/covidvaccine). Ou kapab jwenn fèy enfòmasyon

pasyan sou vaksen Johnson & Johnson FDA te revize a [isit la](#). Enfòmasyon anplis disponib sou sitwèb CDC a [isit la](#).

**Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sityasyon an ap evolye.** 4.29.21